



Department of Transportation

Ydanis Rodriguez, Commissioner

Kesyon Moun Poze Souvan sou Pèmi pou Distribisyon Dokimantasyon sou Transbòde Staten Island lan

1. Konbyen tan sa pran pou yo trete yon aplikasyon pou pèmi?
 - a. Pwosesis aplikasyon pou pèmi an pran twa (3) jiska senk (5) jou ouvrab.
2. Kijan yo bay pèmi yo?
 - a. Yo founi yon sèten kantite pèmi chak jou sou baz *premye moun ki vini, premye moun ki jwenn sèvis*, epi apwobasyon an pa garanti.
3. Ki kantite maksimòm moun mwen kapab fè vini avèk mwen?
 - a. Pèmi pou Distribisyon Dokimantasyon – se twa (3) moun pou pi plis ki gen dwa distribiye dokimantasyon anba menm pèmi a.
4. Èske mwen ka distribiye manje ak rad?
 - a. Non, distribisyon manje ak rad entèdi nan tèminal nou yo ak sou transbòde nou yo.
5. Èske mwen ka distribiye nenpòt tip dokimantasyon?
 - a. Nou pa otorize distribisyon dokimantasyon ki fè piblisite pou alkòl sou pwopriyete Vil la (Dekrè Egzekitif 44 Vil New York).
6. Èske nou founi pakin pou moun ki gen pèmi yo?
 - a. Non, nou pa founi pakin pou moun ki gen pèmi yo.
7. Èske mwen ka itilize tab oswa akseswa pou distribiye dokimantasyon?
 - a. Non, tab, estrikti, chevalè, tripòd, oswa nenpòt ki akseswa a pa otorize.
8. Èske nou ka estoke afè pèsonèl nou yo pandan n ap itilize pèmi nou an?
 - a. Non, nou pa founi espas estokaj pou moun ki gen pèmi yo.
9. Èske gen yon entèval tan pou mande yon pèmi?
 - a. Pa gen limit nan sa ki gen pou wè ak entèval tan ou genyen pou fè sa a. Sepandan, gen yon limit senk (5) demann dat pou chak aplikasyon.
10. Èske yo ka soumèt yon aplikasyon pou pèmi nenpòt ki jou/dat?
 - a. Yo pa p apwouye oswa bay pèmi pou yon pòsyon evènman oswa jou ferye nan vil New York, selon diskresyon Komisè Adjwen an.
11. Èske nou ka distribiye dokimantasyon nenpòt ki kote nan tèminal yo ak transbòde yo?
 - a. Ou ka mande pou w distribiye dokimantasyon sèlman nan tèminal Whitehall, St. George, oswa toude.